



# Di Wi! pou yon lavi miyò.

Peryòd Enskripsyon Anyèl la se 16 Oktòb jiska 12 Novanm

Gade kisa ki nouvo, fè chanjman, oubyen enskri pou w ka jwenn avantaj sou [One.Walmart.com/AE](https://One.Walmart.com/AE).

## Tcheke tout fason ou ka bouste lespri w, kò w, ak lajan w.



### Bon kalite swen, ki bay sou entènèt la.

Nou vle rann li pi fasil pou moun viv byen. Kidonk nou motive pou n ede w jwenn bon kalite doktè a yon pri abòdab nan zòn ou an, epi nou konekte w ak bon kalite swen sante atravè pwogram sante dijital la ke ou ka itilize nenpòt lè, nenpòt kote. Men kèk egzanp:

### Jwenn yon doktè 24/7.

Sote etap sal datant la epi pale ak yon doktè oubyen yon pwofesyonèl sante konpòtmantal nan videyo Sou Demann, nenpòt lè, nenpòt kote. Li rapid, li senp, epi pa gen pyès kòb ou pral bay nan pifò plan medikal yo. [One.Walmart.com/DOD](https://One.Walmart.com/DOD).

### Rankontre Asistan Swen Sante Pèsonèl ou a.

Si ou bezwen jwenn yon doktè, jwenn yon dezyèm opinyon, oubyen kalkile yon bòdwo medikal pou pifò plan Walmart yo, Asistan Swen Sante Pèsonèl ou a ka ede. [GrandRounds.com/Walmart](https://GrandRounds.com/Walmart).

### Aksè fasil pou swen pratik.

Yon lavi miyò pi fasil ak nouvo pwogram sante dijital nou yo. Asosye ki nan 16 eta yo ap jwenn sèvis ki kouran yo tankou vizit vityèl kay doktè, plis pwoteksyon pou sante konpòtmantal, terapi fizik, ak sante dijestif. Tout bagay fèt sou entènèt la epi majorite nan sèvis yo gratis ak tout majorite nan plan medikal yo.

### Jwenn sipò emosyonèl nenpòt lè.

Ak Resous pou Viv ou pa poukont ou. Li konfidansyèl, pwofesyonèl, epi san pou san gratis. Yo kouvri jiska 10 sesyon pou oumenm ak fanmi w, menm si ou pa t enskri nan avantaj Walmart la. [One.Walmart.com/RFL](https://One.Walmart.com/RFL) oubyen rele [800-825-3555](https://800-825-3555).

### Fè bon chwa yo tounen rekonpans

Antre nan defi Thrive la epi kòmanse fè pi bon chwa yo chak jou pou w gen chans pou w genyen yon pati nan yon prim \$ 1 milyon dola. [One.Walmart.com/Thrive](https://One.Walmart.com/Thrive).

### Pwoteksyon pou toutotan ou bezwen l.

Kijan w ap fè peye bòdwo yo si w pa ka travay? Andikap akoutèm ka ede w pou yon ti tan. Men, yon fwa pèman sa yo fini, andikap alontèm nan ap pwoteje w pou toutotan w enfim. Enskri epi pwoteje revni w. [One.Walmart.com/LTD](https://One.Walmart.com/LTD).



Eskane pou w ka kòmanse.

Enskripsyon Chak Ane  
16 oktòb – 12 novanm





# Plan medikal.

Chwazi bon plan an pou ede oumenm ak fanmi w viv pi byen.

## Kopèman senp

Ak **Premier Plan** an ou ap peye vizit doktè yo ak kopèman senp yo: \$35 pou swen prensipal ak sante konpòtmantal, \$75 pou espesyalis ak swen ijan.

## Dola Walmart pou ede ak depans yo.

**Plan Kontribisyon** an gen espesyal dola Walmart pou ede w peye swen yo avan menm ou gen pou peye dediktib ou an: \$250 si w asire tèt ou; \$500 si fanmi w asire.

## Ekonomi fiskal, kontpati konpayi.

Ekonomize san taks sou yon Kont Ekonomi Sante (Health Savings Account, HSA) ak **Plan Ekonomi** an epi jwenn yon kontpati Walmart: jiska \$350 si ou asire tèt ou; \$700 si fanmi w asire.

## Rete bò lakay ou.

Selon kote w ap travay la, ou ka petèt jwenn plis opsyon pou w chwazi, tankou **HMOs**, **Plan PPO** a, oubyen yon **Plan Lokal** ki kapab ede w ekonomize epi rann li pi fasil pou w jwenn swen.

[One.Walmart.com/AE](https://One.Walmart.com/AE).

## Pifò plan yo genyen:

- \$0 vizit doktè vityèl ak Doktè Sou Demann\*
- 100% asirans pou kèk kondisyon grav atravè pwogram Sant Ekselans Walmart la\*
- \$300 kopèman depatman ijans, plis dediktib
- \$4 kopèman medikaman jenerik\*
- Epi tout plan yo ofri 100% asirans pou swen preventif

\*Sèlman apre dediktib pou àne a fin koresponn a Plan Ekonomi an.

## Yon tretman nivo mondyal pou kondisyon ki grav yo.

Si w ap fè fas a yon gwo pwoblèm, tankou gwo operasyon oubyen kansè, ou vle pi bon tretman posib. Pwogram **Sant Ekselans** Walmart la ba ou aksè a kèk nan pi bon espesyalis yo nan kèk lopital nan peyi a, san okenn pri pou ou nan pifò plan medikal yo.

[One.Walmart.com/COE](https://One.Walmart.com/COE).

## Plis pase yon plan medikal.

Benefis Walmart ou yo ale pi lwen pase plan medikal ou a. Ou gen anpil opsyon ki disponib pou ou pou w ka amelyore lavi w, tankou asirans pou je ak dan, asirans vi, asirans andikap, ak yon plan 401(k) ki gen jiska 6% kontpati nan antrepriz la. Tcheke yo epi byen pwofite de sa ki disponib pou ou.



## Ou gen kesyon?

**Jwenn repons yo.** Pou jwenn èd ak enskripsyon oswa si ou gen yon kesyon sou avantaj yo, tanpri rele People Services nan [800-421-1362](tel:800-421-1362).

Jwenn plis enfòmasyon epi enskri nan

[One.Walmart.com/AE](https://One.Walmart.com/AE).



Itil?



Enskripsyon Chak An  
16 oktòb – 12 novanm





# Kèk Lòt Bagay Anplis ...

Men kèk dokiman legal enpòtan k ap ede w konnen plis sou dwa w nan Plan an antanke yon patisipan.

Ou ta dwe pataje nòt sa yo ansanm ak nenpòt manm fanmi ou ki asire ak ou nan plan an. Si yo p ap viv me nm kote ak ou, ou kapab mande pou yo voye nòt sa yo nan adrès lakay yo. Ni oumenm ak fanmi ou kapab mande yon kopi papyè nòt sa yo tou gratis lè nou rele nan **800-421-1362**.

# Plan Patisipan Enpòtan

## ASSOCIATES' HEALTH AND WELFARE PLAN (AHWP) RESPEKTE DIYITE CHAK MOUN KI PATISIPAN NAN PLAN AN.

AHWP pa fè diskriminasyon kont moun akòz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, oswa andikap epi li entèdi vanjans kont nenpòt moun ki te pote plent pou diskriminasyon. Anplis, nou kontan bay patisipan nou yo asistans nan lang ak aparèy oswa sèvis pou yo tandè, ansanm ak lòt sèvis gratis. Ou enpòtan anpil pou nou kòm patisipan epi satisfaksyon ou enpòtan pou nou.

Si ou bezwen asistans oswa ou gen enkyetid ak sèvis Plan ou a, tanpri rele nimewo ki sou do kat ID plan ou a. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri itilize youn nan metòd yo ki sou anba a pou nou sèvi ou pi byen.

Pou asistans, rele nimewo ki sou do kat ID plan ou an.

عربي

خدمات الترجمة الفورية متاحة دون تكلفة. 1-800-421-1362

မြန်မာ

စကားပြန်ဝန်ဆောင်မှုများကို အခမဲ့ ရရှိနိုင်ပါသည်။ 1-800-421-1362

汉语普通话

翻译服务免费提供。1-800-421-1362.

فارسی

خدمات مترجم بدون هیچ هزینه ای در دسترس می باشد. 1-800-421-1362

Français

Des services d'interprètes sont disponibles sans frais.

1-800-421-1362.

kreyòl ayisyen

Gen Sèvis entèprèt ki disponib gratis. 1-800-421-1362.

日本人

通訳サービスは無料でご利用いただけます。1-800-421-1362.

한국어

통역 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-800-421-1362.

PolSKI

Usługi tłumacza dostępne są bez żadnych kosztów.

1-800-421-1362.

## Disponiblite pou Revizyon Enfòmasyon Sante

Antanke yon asosye, avantaj swen sante ki disponib pou ou yo reprezante yon bon pati nan pake konpansasyon w lan. Epi tou yo ba ou pwoteksyon enpòtan pou oumenm ak fanmi ou nan ka ta gen maladi oswa yon domaj.

Plan ou a ofri yon seri opsyon pwoteksyon asirans sante. Chwazi yon asirans pou sante ou se yon desizyon enpòtan. Pou ede ou fè yon bon chwaz, plan an gen yon Revizyon Enfòmasyon Sante ak Kouvèti [Summary of Benefits and Coverage (SBC)], ki fè yon rezime sou enfòmasyon enpòtan sou nenpòt opsyon kouvèti nan yon fòm estanda, pou ede ou konpare diferan opsyon yo. SBC a disponib sou [One.Walmart.com/Health](https://www.walmart.com/health). W ap ka jwenn yon kopi sou pape, gratis, si ou rele [800-421-1362](https://www.walmart.com/health).

Pou konnen plis oswa itilize pwosesis pou pote plent lan, kontakte Sèvis Kliyantèl la nan [1-800-421-1362](https://www.walmart.com/health)

Pou depeze yon plent pou diskriminasyon, kontakte Depatman Sante ak Sèvis Imèn Ozetazini, Biwo Dwa Sivil:

- **Telefòn:** [1-800-368-1019](https://www.walmart.com/health) oswa [1-800-537-7697](https://www.walmart.com/health) (TDD)
- **Sitwèb:** [https://ocrportal.hhs.gov/ocr/cp/wizard\\_cp.jsf](https://ocrportal.hhs.gov/ocr/cp/wizard_cp.jsf)
- **Imel:** [OCRComplaint@hhs.gov](mailto:OCRComplaint@hhs.gov)

Gen sèvis entèprèt ki disponib gratis. [1-800-421-1362](https://www.walmart.com/health)

Português (Brasil)

Serviços de interprete estão disponíveis grátis. 1-800-421-1362.

ਪੰਜਾਬੀ

ਦੇਵਾਸੀਆ ਸੇਵਾਵਾਂ ਮੁਫਤ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। 1-800-421-1362.

Română

Serviciile de interpretariat sunt disponibile gratuit. 1-800-421-1362.

Русский

Переводческие Услуги оказываются бесплатно. 1-800-421-1362.

Af-Soomaali

Adeegyada Turjumaanka waxaa lagu heli karaa kharash la'aan.

1-800-421-1362.

Español

Los servicios de interpretación están disponibles de manera

gratuita. 1-800-421-1362.

Kiswahili

Huduma za tafsiri zipo bila malipo. 1-800-421-1362.

Tiếng Việt

Dịch Vụ Thông Dịch có sẵn miễn phí. 1-800-421-1362.

## Lwa Sou Dwa Sante ak Kansè Pou Fanm

Daprè egzijans Lwa Sou Dwa Sante ak Kansè Pou Fanm [Women's Health and Cancer Rights Act (WHCRA)] ane 1998 la, plan medikal Walmart ofri yo bay asirans pou:

1. Tout etap rekonstriksyon sen an kote yo te fè yon mastekomi;
2. Operasyon ak rekonstriksyon lòt tete a pou yo tou de parèt menm; epi
3. Pwotèz ak konplikasyon fizik mastekomi, tankou lenfodèm (anfle), nan yon fason ki detèmine nan konsiltasyon ak doktè k ap bay pasyan an swen ak pasyan an.

Kouvèti sa yo kapab gen yon dediktib anyèl ak ko-asirans pou peye jan yo kapab twouve li apwopriye epi menm jan ak lwa yo ki te etabli pou lòt benefis ki sou plan oswa kouvèti ou a. Y ap livrezon yon avi ekri sou disponiblite pwoteksyon sa a bay patisipan an lè li enskri epi chak ane apre sa.